



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER  
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 2 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEMARAJ ENKIBATÈ WO TEKNOLOJI INIVÈSITE BINGHAMTON NAN SOUTHERN TIER**

***Pwojè priyorite a pral jenere plis pase 900 djòb ak \$25 milyon dola enpak ekonomik lokal, epi atire nouvo konpayi inove avèk START-UP NY***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Inivèsite Binghamton te demare nan Southern Tier yon enkibatè wo teknoloji, make kòmansman konstriksyon sou yon gwo pwojè devlopman ekonomik nan anba lavil Binghamton. Yo te andose enkibatè a kòm yon pwojè priyorite pa Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Southern Tier e li te atrible \$7 milyon dola pou sipòte konstriksyon yon etablisman \$19 milyon dola sa ki pral bay yon eko-sistèm antreprenarya inik pou emèje konpayi wo teknoloji yo e li espere pou l pote plis pase 900 djòb nan nèf pwochen ane yo.

“Nap revitalize kominate yo nan New York nan pote ansanm talan, resous ak kapasite,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Enkibatè wo teknoloji Southern Tier a pral bay yon platfòm ansèyman pou etidyan yo, opòtinite rechèch pou edikasyon siperyè, ak bay biznis yo enfrastrikti ak resous yo bezwen pou kontinye investi nan New York.”

Enkibatè a te an konstriksyon e li pral jere pa Southern Tier High Technology Incubator, Inc., yon afilye non-pwofi avèk fondasyon Inivèsite Binghamton. Afilye a bi non likratif la te kreye avèk objektif pou l fè avanse ak sipòse bi syantifik ak edikasyonèl nan Binghamton University epi elaji kapasite devlopman ak rechèch Inivèsite a. Etablisman egalman enkli nan plan Inivèsite Binghamton pou START-UP NY e li pral bay biznis yo kap lokalize nan epi kreye nouvo travay nan enkibatè a opòtinite pou fonksyone san taks pandan 10 ane.

Prezidan Inivèsite Binghamton Harvey Stenger te deklare, “Kolaborasyon nan pwojè sa te enkwayab. Lefèt ke anpil patnè te kanpe pou ede sipòte kreyasyon enkibatè sa pale volim osijè bezwen pou yon etablisman tankou sa nan kominate nou an pou relanse konpayi wo teknoloji ansanm avèk katalize transfè teknoloji nan Inivèsite nou nan Southern Tier. Mwen vle remèsyé Gouvènè Andrew Cuomo pou kreyasyon l ak sipò Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal ak NYSUNY 2020. San sipò finansye nan chak inisyativ sa yo, enkibatè sa a te kapab pa fèt.”

Enkibatè wo teknoloji Southern Tier pral bay enfrastrikti wo teknoloji pou jiska 12 konpayi ki santre sou rechèch ak devlopman nan enèji, mikwo-elektwonik ak swen sante. Yo pral bati etablisman 35,000 pye kare a nan kwen Hawley ak Carroll Streets e li gen ladan laboratwa sèk ak mouye, ansanm avèk yon espas biwo laboratwa gran otè ak espas kolaborasyon. Laboratwa pral ekipe avèk enfrastrikti pou sipòte konpayi yo kap fè rechèch, yon etablisman demonstrasyon chanm lopital entelijan, ak devlopman ak limyè manifakti nan zòn tanakou enèji, elektwonik, anbalaj ak sante. Etablisman an pral loje egalman nouvo Pwogram SUNY Broome Bridge pou ekselans Antreprenary.

Prezidan SUNY Broome Kevin Drumm te deklare, "Se yon onè pou nou kolabore avèk yon enstitisyon sè SUNY kòm yon wo kalib kòm Invèsite Binghamton se akademik la. Ajoute yon konpozan enkibatè etidyan a enkibatè biznis wo teknoloji Binghamton te deja prevwa pou l pote yon nouvo dimansyon nan biznis yo kap demare nan rejyon an e nou menm nan SUNY Broome ap rete tann pou n travay avèk invèsite a nan lanse nouvo biznis enteresan pou rejyon an."

Avèk nèf ane, enkibatè wo teknoloji Southern Tier espere pou l genyen plis pase 900 djòb enkli pèsonèl konstriksyon, pèsonèl enkibatè, anplwaye lokatè wo teknoloji ak lokatè prensipal, ak nouvo anplwaye ke konpayi yo gradye de enkibatè a nan kominate a. Anplis, pwojè enkibatè Invèsite Binghamton la pral gen yon enpak ekonomik dirèk de \$25.1 milyon dola nan ekonomi konte Broome ak Tioga pandan konstriksyon an. Apre achèvman konstriksyon an nan otòn 2016, etablisman an espere pou l jenere plis pase \$6 milyon dola nan enpak ekonomik anyèl a ekonomi lokal la.

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, "Demaraj jodia make alafwa kòmansman konstriksyon enkibatè wo teknoloji nan Southern Tier ak kòmansman yon pi bon avni pou ekonomi Southern Tier la. Envestisman nou yo ap pèmèt Invèsite Binghamton bati yon katalizè enpòtan pou stimile kreyasyon travay lokal ak yon ekonomi rejyonal ki pi solid. Rezulta yo klè – sou lidèchip Gouvènè Cuomo, patenarya piblik-prive tankou sa yo ap travay epi mennen a plis opòtinite ekonomik pou tout Nouyòkè yo."

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, "Enkibatè wo teknoloji Southern Tier ilistre strateji kowòdone devlopman ekonomik Gouvènè Cuomo ke patnè kanpis SUNY ak sektè prive a avèk sipò Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ak pwogram NY SUNY 2020. Kolaborasyon nan enkibatè a pam start-ups, ak pwofesè SUNY ak etidyan yo pral ede kondwi inovasyon, pote nouvo pwodui nan mache a, epi kreye opòtinite travay wo teknoloji enteresan ki pral mennen nan revitalizasyon nan Southern Tier. Mwen vle remèsyé Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou pwojè enpòtan sa e mwen konplimante prezidan Stenger ak prezidan Drumm nan etap enpòtan sa pou kominate yo nan pati nò eta."

Enkibatè Wo teknoloji Southern Tier, Inc. garanti finansman grasa plizyè sous pou etabli enkibatè a nan yon pati ki andetrès nan anba lavil Binghamton, enkli \$7 milyon dola atravè dezyèm seri nan inisyativ Konsèy Rejyonal Gouvènè a, \$6 milyon nan SUNY Broome NYSUNY prim pwogram sibvansyon 2020 Challenge, \$2 milyon dola nan Administrasyon Devlopman Ekonomik, \$2 milyon dola nan Fondasyon Rechèch SUNY ak \$2 milyon dola nan Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Broome. Pwojè a aliyen avèk plan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier pou kreye travay atravè kolaborasyon endistri-invèsite ak enfrastrikti wo teknoloji. Konstriksyon etablisman sipoze fini nan sezón otòn 2016.

Senatè Ameriken Charles Schumer te deklare, "Depi premye jou a, mwen te yon sipòte enkibatè wo teknoloji sa a ke Inivèsite Binghamton pran anchaj. Mwen te kontan paske m te anmezi pou garanti lajan pou ede pwojè sa demare e map rete tann pou m wè enkibatè sa sèvi kòm yon pon pou pran rechèch wo game ki pèfòme nan enstitisyon akademik nan zòn nou an epi transfòme yo an konpayi ak djòb."

Senatè Thomas Libous te deklare, "Inivèsite Binghamton ak patenarya START-UP NY te deja pwouve ke li se yon eman pou devlopman biznis wo teknoloji, envestisman prive ak novo djòb. Enkibatè wo teknoloji Southern Tier enkòpore SUNY Broome epi li pote efè mayetik nan devan pòt kominote a."

Manm asanble Donna Lupardo te deklare, "Li enteresan pou wè pwojè sa prale delavan. Inivèsite Binghamton ak SUNY Broome pral angaje nan yon efò kolaboratif enpòtan nan enkibatè sa a– nouri antrepriz ki dirije pa etidyan yo, travay pou pote inovasyon sou mache a, ak favorize lespri antrepriz ki esansyèl nan repriz ekonomik rejyon an."

Manm asanble Clifford Crouch te deklare, "Etablisman sa se kote akademik pral dirèkteman tradwi a djòb ak biznis yo la nan Southern Tier. Gen yon vas konesans ak eksperyans paske Inivèsite Binghamton ak Kolèj Kominotè SUNY Broome, epi itilize zouti sa yo, konbine avèk kondwit ti biznis yo, pral ede remete Southern Tier sou fwontyè inovasyon teknoloji pou ekonomi lokal ak eta nou an."

Egzekitif Konte Broome Debra Preston te deklare, "Youn nan pi gwo priyorite m se stimilasyon kreyasyon travay e novo etablisman sa pral fè sa sèlman. Sa a se yon anplasman privileye nan anba lavil Binghamton ki pral ede nan kreyasyon novo konpayi teknoloji ak novo djòb teknoloji. Nou kontan pou nou travay avèk Inivèsite Binghamton pou devlope etablisman wo game sa a."

Majistra Binghamton Richard David te deklare, "Etablisman sa a pral yon katalizè santral pou devlopamn ekonomik nan anba lavil Binghamton. Inivèsite Binghamton ak SUNY Broome ap kondwi fòs pou inovasyon ak devlopman kominotè. Pandan ane yo, patenarya nou yo te bay anpil amelyorasyon enpòtan nan katye ak nan pati santral iben nou yo."

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE